

# Avi sou Pratik Konfidansyalite

Enfòmasyon enpòtan  
ou dwe konnen




**Baptist Health  
South Florida**

**Healthcare that Cares**

[BaptistHealth.net](http://BaptistHealth.net)

© Baptist Health South Florida  
0027 PR-Y 7/2019  
req. 6720

 Enprime sou papye resikle ak melanje avèk  
itilizasyon lank abaz vejetal. Tanpri resikle.



**Baptist Health  
South Florida**

**Healthcare that Cares**

## Avi sa a dekri fason yo ka itilize ak kominike enfòmasyon medikal ki konsène ou ak fason ou kapab jwenn aksè nan enfòmasyon sa yo. Tanpri egzamine avi a ak anpil atansyon.

(Dat li antrè anvigè: 1 jiyè 2019)

### Kilè avi sa a aplike

Avi sa a bay rezime pratik pwoteksyon konfidansyalite antite afilye Baptist Health ki konsène yo, ki gen ladan, men se pa sa sèlman: Baptist Children's Hospital, Baptist Health Medical Group, Baptist Hospital, Sèvis Pasyan Ekstèn Baptist yo, ki gen ladan Baptist Diagnostic Center yo, Baptist Endoscopy Center yo, Baptist Executive Health, Baptist Executive Health, Baptist Health International, Baptist Eye Surgery Center, Baptist Health Care and Counseling Services, Baptist Health Express Care, Baptist Health Home Care, Baptist Health Medical Plazas, Baptist Health Surgery Center yo, Baptist Health Urgent Care, Baptist Mammography Center at Macy's, The Falls, Baptist Outpatient Center, Baptist Sleep Center yo, Medical Arts Surgery Center yo, Medical Arts Surgery Center yo, ak Northpoint Surgery Center, Bethesda Health, ki gen ladan Bethesda Center for Pediatric Development, Bethesda Center for Women and Children, Bethesda Children's Center, Bethesda Comprehensive Cancer Center, Bethesda Health Physician Group, Bethesda Health Urgent Care, Bethesda Heart Hospital, Bethesda Hospital East, Bethesda Hospital West, Bethesda Orthopaedic Institute, Bethesda Women's Health Center, Cornell Institute for Rehabilitation Medicine, BRRH Corporation ak chak antite ak enstiti afilye li yo ki gen ladan men se pa sa sèlman Boca Raton Regional Hospital, Boca Raton Regional Hospital Home Health Services, BocaCare, Eugene M. and Christine E. Lynn Cancer Institute, Christine E. Lynn Heart & Vascular Institute, Christine E. Lynn Woman's Health & Wellness Institute, Gloria Drummond Physical Rehabilitation Institute, ak Marcus Neuroscience Institute, Doctors Hospital, Fishermen's Community Hospital, Homestead Hospital, Mariners Hospital, Miami Cancer Institute, Miami Cardiac & Vascular Institute, South Miami Hospital, West Kendall Baptist Hospital, ak anplwaye medikal ak pèsònèl ki ba ou swen oswa sèvis nan etablisman Baptist Health sa yo. Anplis de sa, nou ka kominike enfòmasyon youn ak lòt pou rezon yo ki dekri nan avi sa a, ki gen ladan pou fè tretman nou yo ansanm, pou peman ak pou aktivite operasyon swen sante yo. Tanpri vizite [BaptistHealth.net/En/Privacy-Information](https://www.baptisthealth.net/en/privacy-information) pou w jwenn yon lis an detay pou tout antite afilye Baptist Health ki kouvri yo ke avi sa a konsène yo.

### Obligasyon nou yo

Nou pran yon angajman depi byen lontan pou n pwoteje dwa vi prive pasyan nou yo. Annakò avèk angajman sa a, epi dapre egzijans lalwa, nou:

- Pran konsantman ou pou n itilize ak kominike dosye konsènan sante ou ak swen sante ou.
- Li obligatwa pou nou kenbe konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon medikal pwoteje ou;
- Nou dwe swiv devwa ak pratik konfidansyalite ki dekri nan avi sa a epi ba ou yon kopi avi a;
- Nou p ap itilize ni kominike enfòmasyon medikal ou nan lòt fason eksepte jan li dekri la a sof si ou endike alekri nou kapab fè sa nan yon lòt fason. Si ou fè nou konnen nou kapab fè li, ou gendwa chanje lide nenpòt lè. Fè nou konnen alekri si ou chanje lide ou; epi
- N ap fè ou konnen touswit si gen yon vyolasyon ki fèt ki ka konpwomèt konfidansyalite oswa sekirite enfòmasyon ou.

### Fason nou kapab itilize ak kominike enfòmasyon medikal

Lè ou resevwa sèvis oswa tretman nan yon etablisman Baptist Health, yo pral mande pou ou siyen pou admèt ou resevwa avi sa a ki dekri fason nou itilize ak kominike enfòmasyon ki konsène ou nan fason lwa federal la otorize fè li. Lwa federal bay anpil pwoteksyon pou konfidansyalite enfòmasyon medikal. Si ou resevwa tretman nan pwogram Baptist Health pou abi alkòl oswa abi sibstans lan, ou pral resevwa yon avi apa ki dekri fason nou ka itilize ak kominike enfòmasyon ki soti nan pwogram sa a.

Kategori ki annapre la yo dekri fason nou ka itilize ak kominike enfòmasyon medikal ki idantifye ou. Kèk nan kategori yo gen egzanp ladan yo, men se pa tout kalite itilizasyon oswa kominikasyon enfòmasyon medikal ki endike nan yon kategori.

Aleksepsyon rezon yo ki dekri anba a, n ap itilize ak kominike enfòmasyon medikal sèlman avèk otorizasyon alekri anplis ou ban nou. Si ou ban nou otorizasyon pou itilize oswa pou kominike enfòmasyon medikal pou yon rezon ki pa endike nan avi sa a, ou ka anile otorizasyon sa a nenpòt lè; pou fè sa w ap voye yon demann alekri bay Responsab Konfidansyalite Anchèf nou an nan adrès ki endike nan fen avi sa a.

Nou ka kominike enfòmasyon medikal pwoteje tou ba Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal la (Department of Health and Human Services, DHHS) pou yo fè ankèt oswa pou yo jwenn si antite ki konsène a respekte Règleman sou Enfòmasyon Prive HIPAA a.

**a) Pou Tretman.** Nou ka itilize enfòmasyon medikal ou pou trete ou oswa pou ba ou sèvis swen sante. Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal ou ba doktè, enfimye, teknisyen oswa lòt pèsònèl, ansanm ak ba moun andeyò etablisman nou an, ki gendwa ap patisipe nan swen medikal ou. Pa egzanp, pou kowòdone kontinyasyon swen ou ni nan etablisman nou yo ni lè ou kite etablisman yo, nou ka fè echanj enfòmasyon medikal avèk lòt pwofesyonèl swen sante tankou doktè swen jeneral ou

konsènan swen nou te ba ou, avèk yon espesyalis pou li kapab ba ou sèvis anplis, oswa avèk famasi ou konsènan medikaman w ap pran oswa medikaman yo preskri ou.

**b) Pou Peman.** Nou ka itilize ak kominike enfòmasyon medikal dekwa pou nou menm oswa lòt moun ka voye bil oswa resevwa peman nan men ou, nan men yon konpayi asirans oswa yon lòt moun k ap peye pou tretman ak sèvis ou resevwa yo. Pa egzanp, nou ka bay plan asirans sante ou a enfòmasyon sou tretman ou dekwa pou yo peye pou tretman sa yo. Epitou, nou gendwa fè plan asirans sante ou a konnen yon tretman ou pral resevwa pou nou kapab jwenn apwobasyon alavans oubyen pou nou konnen si plan asirans sante ou a ap kouvri tretman an.

**c) Pou Operasyon Swen Sante.** Nou ka itilize ak kominike enfòmasyon medikal pou operasyon swen sante ak pou rezon administratif. Itilizasyon ak kominikasyon sa yo nesèsè pou asire tout pasyan nou yo resevwa bon jan kalite swen ak pou rezon operasyon ak jesyon. Pa egzanp, nou ka itilize enfòmasyon medikal pou egzamine tretman ak sèvis nou bay yo pou asire ke swen ou resevwa se pi bon kalite swen, oswa pou nou ka afiche nan zòn anplwaye yo nòt remèsiman oswa foto ou voye ban nou.

**d) Rapèl Randevou, Lòt chwa pou Tretman ak Avantaj e Sèvis ki an rapò ak Sante.** Nou ka itilize ak kominike enfòmasyon medikal yo pou kontakte ou pou fè ou sonje ou gen yon randevou avèk nou. Nou ka itilize ak kominike enfòmasyon medikal ou pou fè ou konnen opsyon oswa lòt chwa pou tretman oswa avantaj ak sèvis ki an rapò ak sante ki ka enterese ou. Nou ka mete enfòmasyon medikal ou yo aladispozisyon ou tou pou ou jwenn aksè nan yo pa mwayen yon pòtay sekirize sou entènèt pou pasyan.

**e) Aktivite pou Kolekte Lajan.** Nou depann de koleksyon lajan prive pou soutni misyon swen sante nou yo. Nou ka itilize oswa kominike sèten enfòmasyon medikal limite ba Fondasyon(yo) ki gen rapò ak nou onivo enstitisyon pou yo kontakte ou alavni pou w fè yon don nan pwogram pou kolekte lajan nou an. N ap itilize lajan nou kolekte yo pou n agrandi ak amelyore sèvis ak pwogram klinik nou ofri kominote a. Moun ki vle chwazi pou yo pa patisipe oswa ki vle chanje sitiyasyon retrè yo pou kominikasyon ak aktivite pou kolekte lajan yo ka kontakte Baptist Health Foundation nan [FoundationOptOut@BaptistHealth.net](mailto:FoundationOptOut@BaptistHealth.net) oswa Biwo Konfidansyalite Baptist Health la.

**f) Anyè Etablisman an.** Nou ka endike non ou, eta jeneral ou (pa egzanp, pasab, kritik) ak kikote ou ye nan anyè nou an, sof si ou mande pou nou pa fè sa. Nou ka kominike enfòmasyon sa yo bay nenpòt moun ki itilize non w pou yo mande pou ou.

**g) Swen Pastoral.** Nou ka kominike enfòmasyon ki nan anyè etablisman nou an ak enfòmasyon ou ban nou konsènan afilyasyon relijye ou bay manm klèje yo pou itilizasyon ak kominikasyon nan aktivite relijye yo. Anplis de sa, lè ou chwazi

pou resevwa sèvis espirityèl pèsonalize nan men yon manm nan departman Swen Pastoral nou an, manm klèje a ka itilize enfòmasyon medikal pou ba ou sèvis sa yo.

**h) Moun ki Patrisipe nan Swen Ou oswa nan Peman pou Swen Ou.** Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal ou ba yon moun, tankou yon manm fanmi oswa yon zanmi, ki patrisipe nan swen medikal ou oswa ki ede peye pou swen ou. Nou ka fè fanmi ou konnen tou kikote ou ye oswa eta jeneral ou oswa kominike enfòmasyon sa yo bay yon manm fanmi, paran, zanmi pèsonèl pwòch oswa nenpòt lòt moun ou idantifye ki ka ap patrisipe nan swen ou oswa nan peman ki gen rapò ak swen sante ou, oswa pou avèti yo. Nou ka kominike enfòmasyon medikal tou bay yon reprezantan pèsonèl. Anjeneral, yon reprezantan pèsonèl se yon moun ki gen otorite legal pou ajè onon ou pou pran desizyon ki gen rapò ak swen sante ou.

**i) Rechèch.** Nan sèten sikonstans, nou kapab itilize ak kominike enfòmasyon medikal yo pou fè rechèch. Pa egzanp, yon pwojè rechèch gendwa ap patrisipe nan konpare sante ak rezilta pou tout pasyan ki te resevwa yon medikaman oswa tretman parapò ak moun ki te resevwa yon lòt medikaman oswa lòt tretman pou menm pwoblèm lan. Anplis de sa, nou ka itilize done ou yo pou fè rechèch sou sèvis sante pou amelyore sante pasyan nou yo ak kominote nou sèvi yo. Men, anvan nou itilize oswa kominike enfòmasyon medikal yo pou rechèch, pwojè a ap pase nan yon pwosesis apwobasyon espesyal. Pwosesis sa a evalye yon pwojè rechèch yo pwopozè, ansanm ak fason yo ap itilize enfòmasyon medikal yo, pou fè ekilib ant avantaj ki genyen nan rechèch la ak nesèsite pou konfidansyalite enfòmasyon medikal yo. Menm san apwobasyon espesyal, nou ka otorize chèchè yo konsilte dosye yo pou ede yo idantifye pasyan ki ka antre nan pwojè rechèch yo oswa pou lòt rezon menm jan, akondisyon yo pa retire ni pran yon kopi okenn enfòmasyon medikal. Si ou kalifye pou w patrisipe nan yon etid, nou ka kontakte ou pou lale avèk ou sou posiblite pou ou ta patrisipe. Sizoka ou ta vin mouri malerezman, nou ka itilize oswa kominike enfòmasyon medikal ou ba moun k ap fè rechèch ki sèvi avèk enfòmasyon moun ki mouri.

**j) Nou ka kominike enfòmasyon ou yo tou ba Rezo Kalite Baptist Health la,** ki se yon kolaborasyon ant Baptist Health South Florida ak meyè doktè ki gen nan tout rejyon an — sila yo ki satisfè estanda ekselans medikal ki pi elve yo. Enfòmasyon nou pataje yo pral amelyore kalite swen sante yo epi fè sèvis medikal yo pi efikas.

## SIKONSTANS ESPESYAL

**a) Daprè Egzijans Lalwa.** N ap kominike enfòmasyon medikal lè lwa entènasyonal, federal, lwa Eta a oswa lwa lokal mande pou nou fè li.

**b) Pou Anpeche yon Menas Grav sou Sante oswa Sekirite.** Nou gendwa itilize ak kominike enfòmasyon medikal ou, lè li nesèsè pou anpeche oswa pou redui yon menas grav pou sante

ak sekirite ou oubyen pou sante ak sekirite piblik la oswa yon lòt moun. Men, nenpòt kominikasyon ap fèt sèlman ba yon moun ki kapab ede evite menas la.

**c) Patnè Komèsyal yo.** Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal bay patnè komèsyal nou yo ki ranpli fonksyon onon nou oswa ki ban nou sèvis, si enfòmasyon yo nesese pou fonksyon oswa sèvis sa yo. Pa egzanp, nou ka itilize yon lòt konpayi pou fè sèvis peman bil yo onon nou. Tout patnè komèsyal nou yo gen obligasyon, dapre lalwa ak dapre kontra yo gen avèk nou an, pou yo pwoteje konfidansyalite enfòmasyon ou yo, epitou yo pa gen otorizasyon pou yo itilize ni kominike okenn enfòmasyon, eksepte sa yo ki presize nan kontra nou gen avèk yo a.

**d) Don Ògàn ak Tisi.** Nou ka kominike enfòmasyon medikal ba òganizasyon ki jere apwovizyonman ògàn oswa transplantasyon ògàn, zye oubyen tisi osinon ba yon bank don ògàn, si sa nesese pou fasilite don ak transplantasyon ògàn oswa tisi.

**e) Rezilta Tès VIH yo.** Si ou te fè yon tès VIH epi ou pa ban nou otorizasyon pou itilize ak kominike rezilta yo, n ap itilize ak kominike rezilta tès VIH ki idantifye ou sèlman: (1) pou ba ou sèvis swen sante (pa egzanp, nou ka fè yon espesyalis konnen estati VIH ou pou espesyalis la kapab trete ou); (2) lè n ap rasanble oswa egzamine dosye ou nan kad faktirasyon woutin; (3) si sa nesese pou pèmèt nou pwoteje kalite sèvis nou yo (pa egzanp, nou ka kominike rezilta tès VIH yo bay komite nou yo pou kontwole ak evalue pwogram nou yo); (4) pou ajans plasman oswa swen pou timoun, kay fanmi dakèy, etablisman rezidansyèl oswa pwogram swen kominotè ki patisipe dirèkteman nan plasman, swen, kontwòl oswa lagad epi ki gen yon nesosite pou yo konnen enfòmasyon konsa; (5) ba yon patnè seksyèl oswa patnè ki pataje zegwi annakò avèk lalwa; (6) annakò avèk yon òdonans tribinal ki egzije pou nou kominike rezilta tès VIH yo; ak (7) anrapò avèk don ògàn.

**f) Militè ak Ansyen Konbatan.** Si ou se yon manm lame, nou gendwa kominike enfòmasyon medikal si otorite kòmandman militè yo fè demann lan. Nou ka kominike enfòmasyon medikal tou bay otorite militè apwopriye yo si ou se yon manm nan yon lame etranje.

**g) Dedomajman pou Aksidan nan Travay.** Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal ou bay biwo dedomajman pou aksidan nan travay la oswa bay pwogram menm jan ki founi avantaj pou chòk ak maladi ki gen rapò ak travay yo.

**h) Risk pou Sante Piblik.** Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal pou aktivite sante piblik. Anjeneral, aktivite sa yo gen ladan kominikasyon pou anpeche oswa pou kontwole maladi, blesi oswa andikap; rapòte nesans ak lanmò; rapòte abi oswa neglijan sou timoun; rapòte reyaksyon ak medikaman oswa pwoblèm avèk pwodui; avèti moun pou pwodui y ap rantre ke yo gendwa ap itilize; swiv sèten pwodui ak pou kontwole itilizasyon ak efikasite yo; avèti yon moun ki te ekspoze a yon maladi oswa ki ka gen risk

pou yo trape oswa pou transmèt yon maladi oswa yon pwoblèm medikal; ak pou fè siveyans medikal nan etablisman nou yo nan sèten sikonstans limite konsènan maladi oswa blesi nan travay. Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal tou bay otorite leta apwopriye yo sizoka nou kwè yon pasyan te viktim abi, neglijan oubyen vyolans nan kay; men, n ap kominike enfòmasyon sa yo sèlman si ou dakò oswa lè lalwa egzije oswa otorize nou fè li.

**i) Aktivite Siveyans Lasante.** Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal ba yon ajans siveyans lasante pou li mennen aktivite lalwa otorize. Pa egzanp, aktivite siveyans sa yo gen ladan, odit, ankèt, enspeksyon ak otorizasyon lisans ansanm ak rapò chak twa mwa bay Ajans pou Administrasyon Swen Sante a. Aktivite sa yo nesese pou leta ka kontwole sistèm swen sante a, pwogram leta yo ak pou siveye si yo respekte lwa sou dwa sivil yo.

**j) Pwosè ak Konfli.** Si w ap patisipe nan yon pwosè oswa gen yon konfli, nou gendwa kominike enfòmasyon medikal pou reponn yon òdonans tribinal oswa administratif. Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal ou tou pou reponn yon sitasyon, pou reponn yon demann ankèt oubyen lòt pwosesis legal ke yon lòt moun ki konsène nan konfli a fè, men se sèlman si gen efò ki te fèt pou ba ou enfòmasyon sou demann lan oswa pou jwenn yon òdonans pou pwoteje enfòmasyon yo mande yo.

**k) Responsab Aplikasyon Lalwa.** Nou ka kominike enfòmasyon medikal si yon responsab aplikasyon lalwa mande yo pou rezon sa yo: (1) pou reponn yon òdonans tribinal, sitasyon, manda, asiyasyon oswa lòt pwosesis menm jan; (2) enfòmasyon limite pou idantifye oswa lokalize yon moun yo sispèk, yon moun ki sove, yon temwen enpòtan oswa yon moun ki pèdi; (3) konsènan viktim yon krim si, nan sèten sikonstans limite, nou pa kapab jwenn akò moun nan; (4) konsènan yon lanmò nou kwè ki rive akòz konpòtman kriminel; (5) konsènan konpòtman kriminel nan lokal nou yo; epi (6) nan sikonstans dijans pou rapòte yon krim, jwenn kikote krim lan oswa viktim yo ye, oswa jwenn idantite, deskripsyon moun ki komèt krim lan oswa kikote li ye.

**l) Doktè Egzaminatè ak Responsab Ponn Finèb.** Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal ba yon medsen lejis oubyen yon doktè egzaminatè. Sa kapab nesese pa egzanp, pou idantifye yon moun ki mouri oswa pou jwenn kòz lanmò a. Nou ka kominike enfòmasyon medikal tou ba responsab ponp finèb yo, si sa nesese pou yo fè travay yo.

**m) Aktivite Sekirite Nasyonal ak Sèvis Ransèyman.** Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal ba responsab federal otorize yo pou aktivite ransèyman, kontespyonaj ak lòt aktivite sekirite nasyonal lalwa otorize.

**n) Sèvis pou Pwoktesyon Prezidan an ak Lòt Moun.** Nou gendwa kominike enfòmasyon medikal bay responsab federal ki otorize pou yo kapab asire pwoteksyon Prezidan an, lòt moun ki otorize oswa chèf deta etranje oubyen pou mennen ankèt espesyal.



**o) Prizonye oswa Moun ki nan Gadavi.** Nan ka prizonye yo ki nan yon enstitisyon koreksyonèl oswa moun ki anba responsablite yon responsab aplikasyon lalwa, nou ka kominike enfòmasyon medikal ba enstitisyon koreksyonèl la oswa responsab aplikasyon lalwa a. Y ap fè kominikasyon sa a sèlman si li nesèsè: (1) pou enstitisyon an ba ou swen sante; (2) pou pwoteje sante ak sekirite ou oswa sante ak sekirite lòt moun; oswa (3) pou pwoteksyon ak sekirite enstitisyon koreksyonèl la.

**p) Pou Sekou Lè Gen Katastwòf.** Yo ka itilize oswa kominike enfòmasyon medikal ba yon antite piblik oswa prive ke lalwa oswa konstitisyon antite a otorize pou bay èd nan aktivite sekou lè gen katastwòf nan bi pou kowòdone aktivite sekou lè gen katastwòf yo.

**q) Otorizasyon Apa.** Otorizasyon apa ka obligatwa pou lòt kategori enfòmasyon medikal delika epi yo obligatwa anjeneral pou pifò itilizasyon ak kominikasyon dosye sikoterapi, pou komèsyalize, pou vann enfòmasyon medikal oswa pou lòt itilizasyon oswa kominikasyon ki pa mansyone nan avi sa a.

**r) Echanj Elektwonik Enfòmasyon Medikal.** Nou patisipe nan sistèm ki fè echanj enfòmasyon medikal nan fason elektwonik avèk lòt pwofesyonèl swen sante yo, rezo echanj enfòmasyon medikal yo ak plan sante yo. Lè nou patisipe nan sistèm sa yo, nou ka kominike enfòmasyon medikal ou nou konsève ba lòt founisè swen, rezo echanj enfòmasyon medikal ak plan asirans sante yo, oswa yo ka jwenn aksè nan enfòmasyon yo, pou nou fè tretman, pou rezon peman oswa operasyon swen sante. Anplis de sa, nou ka jwenn aksè nan enfòmasyon medikal ou ke lòt founisè, rezo echanj enfòmasyon medikal ak plan asirans sante yo kenbe pou nou fè tretman, pou rezon peman oswa operasyon swen sante.

## Dwa ou genyen

Men dwa ou genyen yo konsènan enfòmasyon medikal ou ke nou konsève yo:

**a) Dwa pou Enspekte ak Fè Kopi.** Ou gen dwa pou wè oswa jwenn yon kopi elektwonik oswa kopi papye dosye medikal ou ak lòt enfòmasyon medikal nou genyen ki konsène ou. N ap ba ou yon kopi oswa yon rezime enfòmasyon medikal ou, anjeneral nan lespas 30 jou oplita apre ou fè yon demann. Nou ka fè w peye yon frè rezonab, selon pri a.

**b) Dwa pou Fè Koreksyon.** Si ou santi enfòmasyon medikal nou genyen yo pa kòrèk oubyen yo pa konplè, ou ka mande nou chanje enfòmasyon yo. Ou gen dwa pou mande yon chanjman toutotan nou konsève enfòmasyon yo oswa yo konsève yo pou nou. Ou dwe di nou pouki rezon w ap fè demann ou an. Nou ka di “non” pou demann ou an, men n ap fè ou konnen alekri nan lespas 60 jou poukisa nou di non.

**c) Dwa pou jwenn yon Rapò sou Kominikasyon yo.** Ou ka mande yon lis (kontrandi) ki gen lè nou te kominike enfòmasyon medikal ou pandan sis ane ki anvan dat ou mande a, ak ba kimoun nou kominike yo, epi poukisa. N ap mete tout

kominikasyon yo aleksepsyon sa yo ki konsène tretman, peman ak operasyon swen sante, ak sèten lòt kominikasyon (pa egzanp nenpòt kominikasyon ou te mande nou fè).

**d) Dwa pou Mande Restriksyon.** Ou ka mande nou pou nou pa itilize ni kominike sèten enfòmasyon medikal pou tretman, peman, oswa operasyon nou yo. Li pa obligatwa pou nou aksepte demann ou an, epi nou ka di “non” si sa t ap gen efè sou swen sante ou. Anplis de sa, ou gen dwa pou mande nou mete yon limit nan enfòmasyon medikal ou nou kominike ba yon moun k ap patisipe nan swen ou oswa nan peman pou swen ou yo, tankou yon manm fanmi oswa yon zanmi. Pa egzanp, ou ka mande pou nou pa kominike enfòmasyon sou operasyon ou ba mari/madanm ou oswa pou nou pa kominike enfòmasyon ba konpayi asirans ou si ou chwazi pou ou peye pou sèvis ou. Li pa obligatwa pou nou aksepte demann ou an sòf nan sikonstans kote ou te fè yon demann pou mete limit sou kominikasyon konsènan sèvis swen sante ou te resevwa nan yon etablisman afilye Baptist Health ba yon plan asirans sante pou peman oswa operasyon swen sante, ou te peye oswa yo te peye onon ou okonplè ak “lajan nan pòch” pou sèvis swen sante yo ki anba restriksyon an, epi kominikasyon an pa obligatwa dapre lalwa. Si nou dakò, n ap reponn a demann ou an sòf si nou bezwen sèvi ak enfòmasyon yo nan sèten sityasyon tretman dijans oswa lalwa egziye pou nou kominike enfòmasyon medikal ou.

**e) Dwa pou Mande Kominikasyon Konfidansyèl.** Ou gen dwa pou mande pou nou kominike avèk ou osijè zafè medikal ou nan yon fason presi oubyen nan yon kote presi. Pa egzanp, ou kapab mande pou nou kontakte ou sèlman pa lapòs oswa nan travay. Se pou demann ou an endike kijan oswa kikote ou vle pou nou kontakte ou. Nou pral di “wi” pou tout demann ki rezonab.

**f) Dwa pou Resevwa yon Kopi Avi Sa a an Papye.** Ou gen dwa pou w resevwa yon kopi avi sa a an papye. Ou ka mande pou nou ba w yon kopi avi sa a nenpòt lè. Menmsi ou te dakò pou resevwa avi sa a sou fòm elektwonik, ou gen dwa pou resevwa yon kopi avi sa a an papye kanmenm. Ou ka jwenn yon kopi avi sa a nan BaptistHealth.net, oswa sou Entranèt Baptist Health la si ou se yon anplwaye Baptist Health.

**g) Chwazi yon Moun pou Aji Onon Ou.** Si ou te bay yon moun otorite legal pou aji onon ou, tankou pwokirasyon medikal, oswa si yon moun se gadyen legal ou, moun sa a kapab egzèse dwa ou yo epi fè chwa konsènan enfòmasyon medikal ou. Anvan nou pran nenpòt aksyon, n ap asire nou ke moun nan gen otorite sa a epi li ka aji pou ou.

## Fason pou w egzèse dwa ou

Pou w egzèse dwa ou yo ki dekri nan avi sa a (eksepte pou w jwenn yon kopi avi sa a), ou dwe voye yon imèl bay [Privacy@BaptistHealth.net](mailto:Privacy@BaptistHealth.net) oswa voye yon demann alekri ba Responsab Konfidansyalite Anchèf nou an nan adrès sa a:

Chief Privacy Officer, Baptist Health South Florida, 6855 Red Road, Coral Gables, FL 33143; oswa nan Office of Patient Experience (Biwo pou Eksperyans Pasyon) nan nenpòt youn nan adrès sa yo:

Baptist Health Care and Counseling Services, 8780 SW 92 Street, Suite 210, Baptist Hospital Medical Specialties Building, Miami, FL 33176, oswa 15955 SW 96 Street, West Kendall Baptist Hospital Medical Arts Building, Suite 407, Miami, FL 33196, 786-596-8850

Baptist Health Home Care, 12400 SW 127 Avenue, 2yèm Etaj, Miami, FL 33186, 786-596-3010

Baptist Health Medical Group, 1500 San Remo Avenue, Coral Gables, FL 33146, 786-527-9200

Baptist Health Telehealth Services, 786-596-8850

Baptist Hospital ak Baptist Children's Hospital, 8900 North Kendall Drive, Miami, FL 33176, 786-596-6527

Sèvis Pasyon Ekstèn Baptist yo, ki gen ladan Baptist Diagnostic Center yo, Baptist Endoscopy Center yo, Baptist Executive Health, Baptist Eye Surgery Center, Baptist Health Express Care, Baptist Health Medical Plazas, Baptist Health Surgery Centers, Baptist Health Urgent Care, Baptist Mammography Center at Macy's, The Falls, Baptist Outpatient Center, Baptist Sleep Center yo, Medical Arts Surgery Center yo, ak Northpoint Surgery Center, 1500 Monza Avenue, Coral Gables, FL 33146, 786-596-3750

Bethesda Health, ki gen ladan Bethesda Center for Pediatric Development, Bethesda Center for Women and Children, Bethesda Children's Center, Bethesda Comprehensive Cancer Center, Bethesda Health Physician Group, Bethesda Health Urgent Care, Bethesda Heart Hospital, Bethesda Hospital East, Bethesda Hospital West, Bethesda Orthopaedic Institute, Bethesda Women's Health Center, ak Cornell Institute for Rehabilitation Medicine, 2815 S. Seacrest Boulevard, Boynton Beach, FL 33435, 561-737-7733 Ext.84734

BRRH Corporation ak chak antite ak enstiti afilye li yo ki gen ladan men se pa sa sèlman Boca Raton Regional Hospital, Boca Raton Regional Hospital Home Health Services, Boca Care, Eugene M. and Christine E. Lynn Cancer Institute, Christine E. Lynn Heart & Vascular Institute, Christine E. Lynn Woman's Health & Wellness Institute, Gloria Drummond Physical Rehabilitation Institute, ak Marcus Neuroscience Institute, 800 Meadows Road, Boca Raton, FL 33486, 561-955-4358

Doctors Hospital, 5000 University Drive, Coral Gables, FL 33146, 786-308-3193

Fishermen's Community Hospital, 3301 Overseas Highway, Marathon, FL 33050, 305-434-1646

Homestead Hospital, 975 Baptist Way, Homestead, FL 33033, 786-243-8057

Mariners Hospital, 91500 Overseas Highway, Tavernier, FL 33070, 305-434-1646

Medical Arts Surgery Center at Baptist, 8940 North Kendall Drive, Miami, FL 33176, 786-596-3750

Medical Arts Surgery Center at South Miami, 6200 Sunset Drive, Suite 200, Miami, FL 33143, 786-596-3750

Miami Cancer Institute, 1575 San Ignacio Avenue, Suite 100, Coral Gables, FL 33146, 786-527-8010

South Miami Hospital, 6200 SW 73 Street, South Miami, FL 33143, 786-662-5046

West Kendall Baptist Hospital, 9555 SW 162 Avenue, Miami, FL 33196, 786-467-2107

Yo pa otorize okenn lòt moun, tankou yon manm pèsònèl la, doktè, enfimye oswa manm klèje, akseptè yon demann pou egzèsè dwa ou yo.

## Plent ak kesyon

Si ou kwè yo pa te respekte dwa konfidansyalite ou yo, ou ka depoze yon plent\* devan nou; pou w fè sa w ap kontakte Responsab Konfidansyalite Anchèf nou an nan adrès ki endike anvan an, oswa pou depoze yon plent nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an, Biwo pou Dwa Sivil yo, ou ka voye yon lèt nan U.S. Department of Health and Human Services Office for Civil Rights, 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, rele nan 877-696-6775, oswa ale sou [HHS.Gov/OCR/Privacy/HIPAA/Complaints/](https://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/).

Nou ka mande pou ou fè plent ou an alekri. Nou pap fè vanjans kont ou paske ou depoze yon plent.

Si ou gen nenpòt kesyon sou avi sa a, tanpri kontakte Responsab Konfidansyalite Anchèf nou an nan 786-596-8850 oswa nan nimewo telefòn gratis 866-33-HIPAA (44722), oswa rele Biwo pou Eksperyans Pasyon an nan nimewo ki endike anvan an.

*\*Nou pap fè vanjans kont ou paske ou depoze yon plent.*

## Chanjman nan avi sa a

Nou gen dwa pou chanje avi sa a. Nou gen dwa pou fè avi ki revize oswa avi ki chanje a anvigè pou enfòmasyon medikal nou genyen deja, ansanm ak pou nenpòt enfòmasyon nou resewva alavni. N ap mete yon kopi avi aktyèl la nan etablisman Baptist Health sa yo. Avi a ap gen dat li antre anvigè a sou premye paj la, nan kwen anwo adwat.

Baptist Health South Florida respekte lwa federal sou dwa sivil ki aplikab yo, epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote moun soti, laj, andikap oswa sèks.